



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK NEWYORK-PRESBYTERIAN ANONSE LANSMAN YON NOUVO SIT VAKSINASYON COVID-19 NAN WASHINGTON HEIGHTS

Sit Fort Washington Armory a ofri vaksinasyon pou Nouyòkè yo ki gen plis pase 65 ane sèlman sou randevou

Etablisman nouvo sit vaksinasyon an te vin posib atravè patenarya avèk Weill Cornell Medicine ak Columbia University Irving Medical Center

Randevou yo ka pran atravè [Pòtay Pasyon Connect Online NewYork-Presbyterian](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak NewYork-Presbyterian te anonse jodi a lansman yon nouvo sit vaksinasyon COVID-19 pou Nouyòkè yo nan Fort Washington Armory nan Washington Heights. Sit la, ki sitiye nan 216 Fort Washington Avenue nan kwen 169th Street, te vin posib atravè patenarya adisyonèl Weill Cornell Medicine ak Columbia University Irving Medical Center epi ap ofri vaksinasyon COVID-19 pou moun ki gen plis pase 65 ane sou randevou sèlman apati 14 janvyè.

Gouvènman federal la limite kantite vaksen Eta New York ap resevwa. Sou baz direktiv federal la ke eta a ap swiv la, plis pase 7 milyon Nouyòkè kalifye kounye a pou vaksen COVID la, men eta a resevwa sèlman apeprè 300,000 dòz pa semèn nan men gouvènman federal la. Konsa, kantite randevou ki disponib chak jou yo pral varye sou baz apwovizyonman yo pa sèlman sou sit Fort Washington Armory a, men tou nan tout eta a.

"Pandemi COVID la te mete aksan sou inegalite ki te deja egziste nan sosyete nou an — epi pandan n ap batay kont viris sa a, nou gen pou batay tou kont fòs inegalite sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "NewYork-Presbyterian te youn nan lopital ki pi efikas nan kòmansman pwogram vaksinasyon nou an, epi kounye a n ap fè patenarya ak li ak Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nou an pou agrandi efò yo nan kominote a. Avèk patenarya konsa, n ap asire Nouyòkè koulè yo pa rete dèyè."

Doktè Steven J. Corwin, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NewYork-Presbyterian te deklare, "COVID-19 la te fè ravaj trajik nan kominote nou yo. Kounye a, apre yon ane devan liy yo, nou finalman mennen ap batay la kont viris mòtèl sa a. Nou fyè pou nou travay avèk Gouvènè Cuomo ak Eta a pou vaksine otan Nouyòkè posib epi kòmansse restore sante ak vitalite vil nou tout renmen an".

Pou pran randevou sou sit Fort Washington Armory a, pasyan NewYork-Presbyterian yo ki gen 65 ane ak plis kapab itilize [pòtay pasyan Connect online](#) ColumbiaDoctors, Weill Cornell Medicine, ak NewYork-Presbyterian. Pasyan yo ki pa gen yon kont Connect ak moun ki gen plis pase 65 ane ki pa pasyan ColumbiaDoctors, Weill Cornell Medicine, ak NewYork-Presbyterian kapab kreye yon kont lè yo vizite [VaccineTogetherNY.org](#).

Armory aksesib pou chèn woulant ak satisfè estanda aksesibilite ADA yo. Anplis de sa, sit la gen ekip medikal ki pale Panyòl ak Anglè. Nouyòkè yo ki gen plis pase 65 ane ki te pran randevou kapab gen aksè ak sit la atravè tren A ak C. Arè tren an pou tren A ak C yo se Broadway ak 168th Street.

Etablisman sit vaksinasyon Fort Washington Armory a baze tou sou sit vaksinasyon rezo elaji Gouvènè Cuomo etabli yo pou akselere vitès vaksinasyon travayè swen sante ki gen priyorite yo epi kòmanse vaksinasyon nouvo Nouyòkè ki kalifye yo. New York te deja ouvri kat sit vaksinasyon eta a ap jere nan Jacob K. Javits Center, Westchester County Center, New York State Fair Expo Center ak Jones Beach, avèk yon sit anplis nan SUNY Albany ki pwograme pou ouvri vandredi 15 janvyè nan 8 a.m., gen 15 sit adisyonèl ki pwograme tou pou kòmanse operasyon nan jou k ap vini yo.

Anplis de sa, sit sa a kontribiye nan objektif Gouvènè Cuomo pou asire distribisyon san patipri ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman [Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York](#) ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Li enpòtan pou nou asire ke vaksen COVID-19 la disponib pou tout Nouyòkè yo, pa sèlman sila yo ki gen pi bon aksè ak enstitisyon swen sante yo, epi se poutèt sa sit vaksinasyon sou gwo anplè sa a nan Washington Heights se yon etap nan bon direksyon an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak NewYork-Presbyterian pou efò yo pou elaji aksè ak vaksen nan kominote nou an. Nouvo sit sa a pral ede asire ke distribisyon vaksen an pa sèlman alè, men tou ekitab".

Sekretè Eta ak Prezidan Gwoup Travay sou Ekite Vaksen New York la, Rossana Rosado, te deklare "Kominote defavorize yo te, epi kontinye, frape pi di pandan pandemi an. Kòm ko-prezidan Gwoup Travay sou Ekite Vaksen NYS Gouvènè Cuomo a, n ap abòde pwoblèm sa a fas a fas epi travay pou redui baryè yo ak asire distribisyon ekitab vaksen COVID-19 la. Sit vaksinasyon sa a nan NY Presbyterian fè pati rezo vaksen rejyonal nou ki pral ede bay tout Nouyòkè aksè egal ak vaksen an".

Senatè Robert Jackson te deklare, "Mwen rekonesan anpil pou efò NewYork-Presbyterian mete ak efò Depatman Sante Eta New York dèske yo elaji klinik vaksen yo nan Nò Manhattan. Nou pa te gen okenn sit vaksen depi twò lontan, menm lè to ki pi wo pou enfeksyon yo nan minisipalite a te depi lontan nan Inwood ak Washington Heights. Elektè mwen yo ap gen opòtinite kounye a pou jwenn vaksen nou tout bezwen pandan pandemi sa a gras ak efò yo. Mwen pa ka tann pou kontinye travay avèk biwo Gouvènè a pou ranfòse kapasite pou satisfè bezwen kominote nou an".

Manm Asanble Al Taylor te deklare, "COVID-19 la te frape Harlem ak Washington Heights pi di nan Manhattan epi li enpòtan pou kominote nou an gen aksè ak vaksen COVID la. Sit vaksinasyon sou gwo anplè sa a se yon gwo kòmansman pou asire distribisyon an ekitab pou rezidan Nò Manhattan yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak NewYork-Presbyterian dèske yo pran mezi sa pou asire vaksen an distribiye alè epi aksesib. M ap kontinye travay bò kote patnè mwen yo nan Gouvènman an pou asire rezidan nou yo kontinye gen aksè ak vaksen ki nesèsè anpil sa a".

Manm Konsèy, Ydanis Rodriguez, te deklare, "Northen Manhattan gen kèk nan to COVID-19 ki pi wo nan minisipalite Manhattan. Mwen fyè pou mwen konnen ke Armory ki sitiye nan kè Washington Heights pral tounen yon sit vaksinasyon. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak New York Presbyterian pou èd yo nan ede Armory tounen yon sit vaksinasyon. Mwen espere se premye nan anpil sit vaksinasyon ke nou pral wè ki ouvri nan Nò Manhattan. Nou nan dènye liy dwat la, tout Nouyòkè yo dwe kontinye fè pati pa yo nan mete mask ak respekte distans sosyal. Nou pral travay ak lòt patnè pou asire randevou yo ka fèt nan telefòn ak nan plizyè lang epi ke nou priyoreze kominote defavorize yo ke COVID-19 la te devaste. Mwen pral kontinye travay avèk kolèg mwen yo nan nivo Vil, Eta, ak Federal la pou asire nou kenbe Nouyòkè yo san danje".

Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19 la, Nouyòkè yo ta dwe vizite <https://covid19vaccine.health.ny.gov/>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)